

***TEAM ASSISTED INDIVIDUALIZATION (TAI) KANGGE
NINGKATAKEN KETRAMPILAN NYERAT AKSARA JAWI
SISWA KELAS XI AKUNTANSI 1 SMK NEGERI 1 KLATEN
SEMESTER GANEP TAUN PIWUCALAN 2015/2016***

TESIS

**Kangge Hanjangkepi Saperangan Syarat Anggayuh Drajat Magister
Program Studi Magister Pendidikan Bahasa**



Kaanggit dening

Wahyudi

NIM 14PSC01677

**PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS WIDYA DARMA KLATEN
2016**

PASARUJUKAN

**TEAM ASSISTED INDIVIDUALIZATION (TAI) KANGGE
NINGKATAKEN KETRAMPILAN NYERAT AKSARA JAWI
SISWA KELAS XI AKUNTANSI 1 SMK NEGERI 1 KLATEN
SEMESTER GANEP TAUN PIWUCALAN 2015/2016**

Dening

Wahyudi

NIM 14PSC01677

Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pembimbing

Pembimbing I

Tapak Asma

Tanggal


Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.



8/2016
/10

Pembimbing II

Dr. Sutrisno Badri, M.Sc



8/2016
/10

Kauningan,

Ketua Program Studi



Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.
NIP. 19600412 198901 1 001

PENGESAHAN





**TEAM ASSISTED INDIVIDUALIZATION (TAI) KANGGE
NINGKATAKEN KETRAMPILAN NYERAT AKSARA JAWI
SISWA KELAS XI AKUNTANSI 1 SMK NEGERI 1 KLATEN
SEMESTER GANEP TAUN PIWUCALAN 2015/2016**

Dipunanggit dening:

Wahyudi

NIM 14PSC01677

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Panguji

Jabatan	Asma	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	Prof. Dr. Herman J. Waluya, M.Pd.		9/11 2016
Panitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum.		8/11 2016
Panguji I	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.		8/11 2016
Panguji II	Dr. Sutrisno Badri, M.Sc.		9/11 2016


Kauningan:



Direktur Program Pascasarjana,

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd.
NIP. 690 115 345

Ketua Program Studi


Dr. D.B. Putut Setiyadi, .Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PRATELAN

Ingkang tapak asma ing ngandhap menika, kula:

Nama : Wahyudi

NIM : 14PSC01677

Jurusan/Program Studi : Magister Pendidikan Bahasa

Fakultas : Keguruan dan Ilmu Pendidikan

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih *tesis* ingkang irah-irahanipun *TEAM ASSISTED INDIVIDUALIZATION (TAI)* KANGGE NINGKATAKEN KETRAMPILAN NYERAT AKSARA JAWI SISWA KELAS XI AKUNTANSI 1 SMK NEGERI 1 KLATEN SEMESTER GANEP TAUN PIWUCALAN 2015/2016 menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting *tesis* menika dipunsukani tandha *sitasi* lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratelan kula mboten leres, kula sagah nampi *sanksi akademik* inggih menika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, September 2016

Ingkang damel pratelan



Wahyudi

MOTTO

Gesang menika kadosdene sepeda, supados saget seimbang
tiyang kedah terus gerak
(Albert Einstein)

Kasil lan gagal dados peranganipun gesang saben tiyang,
ananging mboten wonten kasil menawi mboten wonten upaya
(Winarno Surahmad)

Gesang menika proses sinau lan upaya tanpa wates
(Andrie Wongso)

PISUNGSUNG

Karya menika kula pisungsungaken dhumateng:

1. Tiyang sepuh kula, Bapak H. Widosari Setyohartono saha Ibu Hj. Siti Aminah, ingkang tansah paring donga pengestu.
2. Semah kula Emy Setyaningsih, lan anak kula Utami Wahyuningtyas, Utomo Wahyu Setyaji, lan Kinanthi Wahyuningtyas ingkang tansah nyurung donga lan semangat.
3. Bapak/Ibu guru saha siswa SMKN 1 Klaten.
4. Bapak/Ibu dosen Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

ATUR PANGGLANTAR

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Pangeran Inggang Mahaasih tuwin Mahamirah, awit saking lubering sih kanugrahan satemah kula saget nyekapaken tesis kanthi irah-irahan *TEAM ASSISTED INDIVIDUALIZATION (TAI) KANGGE NINGKATAKEN KETRAMPILAN NYERAT AKSARA JAWI SISWA KELAS XI AKUNTANSI 1 SMK NEGERI 1 KLATEN SEMESTER GANEP TAUN PIWUCALAN 2015/2016*.

Tesis menika kaanggit minangka kangge hanjangkepi saperangan syarat anggayuh drajat Magister Pendidikan wonten ing Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.

Awit saking peparingipun pambyantu kangge nyekapi tesis menika, pramila panganggit ngaturaken agunging panuwun ingkang tanpa pepindan dhumateng:

1. Bapak Prof. Dr. H. Triyono, M.Pd., Rektor Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Bapak Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd., Direktur Program Studi Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pangarsa Tim Penguji Tesis ingkang sampun paring panjurug lan pangarah tesis menika.
3. Bapak Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum., Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pasacasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Pembimbing I ingkang sampun paring panjurug, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.

4. Ibu Dr. Hersulastuti, M.Hum., Sekretaris Program Studi Magister Pendidikan Bahasa, Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, ugi kaleres Panitra Tim Penguji Tesis ingkang sampun paring panjurug lan pangarah tesis menika.
5. Bapak Dr. Sutrisno Badri, M.Sc., Pembimbing II ingkang sampun paring panjurung, pangarah dalah panuntun salebeting panganggitan tesis menika.
6. Bapak Drs. Budi Sasangka, M.M., Pangarsa SMK N 1 Klaten ingkang sampun paring panjurung saha wekdal dhumateng panganggit kangge ngayahi piwulangan ing Universitas Widya Dharma Klaten.
7. Ibu Dwi Rahayu S.Pd., guru kolaborator ingkang sampun paring pambyantu salebeting panaliten menika.
8. Siswa kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten tahun piwulangan 2015/2016 ingkang sampun ndherek *partisipasi* ing panaliten menika.

Panganggit sampun mbudidaya murih sampurnaning tesis menika, ananging panganggit ngrumaosi bilih tesis menika tasih kathah kekiranganipun. Pramila, panyaruwe saking para kadang pamaos tansah kula antu-antu, matur nuwun.

Klaten, September 2016

Panganggit,

Wahyudi

DHAFTAR ISI

COVER	i
PASARUJUKAN	ii
PENGESAHAN.....	iii
PRATELAN	iv
MOTTO.....	v
PISUNGSUNG.....	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DHAFTAR ISI	ix
DHAFTAR TABEL.....	xii
DHAFTAR GAMBAR	xiv
DHAFTAR LAMPIRAN	xiv
SARIPATI.....	xvii
ABSTRAK	xviii
<i>ABSTRACT</i>	xix
BAB I PURWAKA	1
A. Lelarahing Prakawis	1
B. Idhentitasing Prakawis.....	6
C. Rumusaning Prakawis	7
D. Ancasing Panaliten	8
E. Mumpangating Panaliten	8

BAB II	LAMBARANING TEORI, PANALITEN INKGANG GAYUT	
	LAN RAGANGANING PAMIKIR	10
	A. Lambaraning Teori	10
	B. Panaliten ingkang Gayut	33
	C. Raganganing Pamikir.....	35
	D. Hipotesis	37
BAB III	METODOLOGI PANALITEN.....	38
	A. Wujud dan Strategining Panaliten	38
	B. Objek, Papaning Panaliten, lan Wekdaling Panaliten	38
	C. Prosedur Panaliten	40
	D. Indikator Pakarya.....	44
	E. Teknik Ngempalaken Dhata.....	45
	F. Teknik Pangonceking Dhata	46
BABIV	PIKANTHUKIPUN DHATA LAN PANGONCEKIPUN.....	49
	A. Dhata ingkang Kapanggihaken.....	49
	1. Prasiklus	49
	2. Siklus I	53
	3. Siklus II.....	66
	B. Pangonceking Dhata.....	80
	1. Dhata Prasiklus lan Siklus II	80
	2. Dhata Siklus I lan Siklus II	86
	3. Dhata Prasiklus lan Siklus II	93
BAB V	PANUTUP	103

A. Dudutan	103
B. Implikasi	104
C. Saran.....	106
KAPUSTAKAN	108
LAMPIRAN	111

DHAFTAR TABEL

Tabel 3.1	Kategori Kasile Sinau Murid.....	48
Tabel 4.1	Kategori Ketrampilan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 ing Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Prasiklus	50
Tabel 4.2	Ketuntasan Sinau Siswa Kelas XI Akuntansi 1 ing Prasiklus.....	52
Tabel 4.3	Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Siklus I	58
Tabel 4.4	Kategori Ketrampilan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Siklus I.....	60
Tabel 4.5	Kasilipun Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus I	62
Tabel 4.6	Ketuntasan Sinau Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus I	63
Tabel 4.7	Respon Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus I.....	65
Tabel 4.8	Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Siklus II.....	72
Tabel 4.9	Kategori Ketrampilan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Siklus II.....	74
Tabel 4.10	Kasilipun Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus II	76
Tabel 4.11	Ketuntasan Sinau Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus II...	77
Tabel 4.12	Respon Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus II.....	79
Tabel 4.13	Kasilipun Ketrampilan Siswa ing Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Prasiklus lan Siklus I.....	83
Tabel 4.14	Tuntasipun Sinau Siswa wonten Prasiklus lan Siklus I	85
Tabel 4.15	Keaktifan Siswa wonteng Piwulangan Siklus I lan Siklus II	88

Tabel 4.16	Kasilipun Ketrampilan Siswa ing Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Siklus I lan Siklus II.....	89
Tabel 4.17	Keaktifan Siswa ing Piwulangan saking Siklus I lan Siklus II	91
Tabel 4.18	Katuntasan Sinau Siswa wonten Siklus I lan Siklus II	92
Tabel 4.19	Ketrampilan Sinau Siswa wonten Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Prasiklus lan Siklus II	96
Tabel 4.20	Ketuntasan Sinau Siswa ing Piwulangan wonten Prasiklus lan Siklus II.....	98
Tabel 4.21	Ketuntasan Sinau Siswa ing Piwulangan wonten Prasiklus, Siklus I lan Siklus II	99

DHAFTAR GAMBAR

Gambar 2.1	Ragangaing Pamikir	36
Gambar 3.1	Tahapan Panaliten <i>Tindakan</i> Kelas	41
Gambar 3.2	<i>Model Analisis Interaktif</i>	47
Gambar 4.1	Kategori Ketrampilan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 ing Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Prasiklus	51
Gambar 4.2	Ketuntasan Sinau Siswa Kelas XI Akuntansi 1 ing Prasiklus	52
Gambar 4.3	Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Siklus I	58
Gambar 4.4	Kategori Ketrampilan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Siklus I	60
Gambar 4.5	Kasilipun Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus I	62
Gambar 4.6	Ketuntasan Sinau Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus I	63
Gambar 4.7	Respon Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus I	65
Gambar 4.8	Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Siklus II	72
Gambar 4.9	Kategori Ketrampilan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Siklus II	74
Gambar 4.10	Kasilipun Keaktifan Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus II	76
Gambar 4.11	Ketuntasan Sinau Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten	

Siklus II	77
Gambar 4.12 Respon Siswa Kelas XI Akuntansi 1 wonten Siklus II	79
Gambar 4.13 Kasilipun Ketrampilan Siswa ing Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Prasiklus lan Siklus I	83
Gambar 4.14 Tuntasipun Sinau Siswa wonten Prasiklus lan Siklus I.....	86
Gambar 4.15 Keaktifan Siswa wonteng Piwulangan Siklus I lan Siklus II	88
Gambar 4.16 Kasilipun Ketrampilan Siswa ing Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Siklus I lan Siklus II	89
Gambar 4.17 Keaktifan Siswa ing Piwulangan saking Siklus I lan Siklus II...	91
Gambar 4.18 Katuntasan Sinau Siswa wonten Siklus I lan Siklus II	92
Gambar 4.19 Ketrampilan Sinau Siswa wonten Piwulangan Nyerat Aksara Jawi ing Prasiklus lan Siklus II	96
Gambar 4.20 Ketuntasan Sinau Siswa ing Piwulangan wonten Prasiklus lan Siklus II	98
Gambar 4.21 Ketuntasan Sinau Siswa ing Piwulangan wonten Prasiklus, Siklus I lan Siklus II.....	99

DHAFTAR LAMPIRAN

1. Serat Ijin Panelitian	111
2. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran Siklus I lan Siklus II.....	112
3. Lembar Obsevasi Ketrampilan Guru Nindakake Piwucalan TAI Siklus I lan Siklus II.....	120
4. Lembar Obsevasi Keaktifan Siswa Siklus I lan Siklus II.....	124
5. Kuesioner/Angket Siswa Siklus I lan Siklus II	126
6. Skor Keaktifan Siswa Siklus I lan Siklus II	128
7. Skor Biji Ketrampilan Siswa Nyerat Aksara Jawi Prasiklus, Siklus I lan Siklus II	138
8. Skor Respon Siswa Siklus I lan Siklus II.....	151
9. Tes Soal Prasiklus, Siklus I lan Siklus II	160
10. Contho Pakaryan Siswa Nyerat Aksara Jawi	162
11. Foto Dokumentasi Piwucalan Siklus I lan Siklus II	165

SARIPATI

Wahyudi, 14PSC01677. *Team Assisted Individualization (TAI)* Kangge Ningkataken Ketrampilan Nyerat Aksara Jawi Siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMK Negeri 1 Klaten Semester Ganep Taun Piwucalan 2015/2016. Tesis: Magister Pendidikan Bahasa Program Pascasarja Universitas Widya Dharma Klaten, 2016.

Rumusaning prakawis panaliten inggih menika: (1) punapa piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization (TAI)* sakestu saget ningkataken ketrampilan nyerat aksara Jawi siswa kelas XI Akuntansi 1 SMK N 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016?; (2) punapa piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization (TAI)* sakestu saget ningkataken keaktifan siswa nyerat aksara Jawi ing kelas XI Akuntansi 1 SMK N 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016?

Wujud panaliten inggih menika PTK lan saben siklus katindakaken betah kalih piwucalan, katindakaken ngantos kalih siklus. Objek panaliten inggih punika guru, siswa lan kawontenan piwucalan nyerat aksara Jawi ing Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016. Prosedur panaliten adedhasar panaliten *tindakan* kelas ingkang dumadi saking ancangan, tindakan, evaluasi lan refleksi.. Teknik ngempalaken dhata ngagem: observasi, wawanrembag, angket, tes lan dokumentasi. Teknik pangonceking dhata ngagem analisis kualitatif lan statistik deskriptif.

Kasilipun panaliten inggih menika: (1) Piwucalan nyerat aksara Jawi kanthi TAI saget ningkataken ketrampilan siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten, amargi sakderengipun dipunparingi piwucalan nyerat aksara Jawi (prasiklus) cacahipun siswa ingkang saget tuntas sinaunipun (KKM) cacah 14 siswa (39%). Saksampunipun dipunparingi piwucalan ing siklus I kanthi TAI cacahipun siswa ingkang tuntas cacah 28 siswa (78%) lan siklus II sedaya siswa (100%) sampun tuntas; (2) Wonten piwucalan siswa dipundamel kelompok-kelompok diskusi, saengga piwucalan saget ningkataken aktifitas siswa saklebetipun ndherek piwucalan, amargi siswa ingkang prigel saget mbiyantu siswa ingkang kirang prigel, siswa saget wawanrembag kaliyan siswa sanes kangge mangertosi bahan piculanan. Ing piwucalan siklus I siswa ingkang aktif cacah 22 siswa (61,11%) lan ing siklus II sedaya siswa aktif ing piwucalan. Dudutan panaliten inggih menika piwucalan nyerat aksara Jawi kanthi TAI saget ningkataken ketrampilan lan keaktifan siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten.

Wosing tembung: Metodhe TAI, Ketrampilan Nyerat Aksara Jawi.

ABSTRAK

Wahyudi, 14PSC01677. *Team Assisted Individualization (TAI)* untuk Meningkatkan Ketrampilan Menulis Aksara Jawa Siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten Semester Genap Tahun Pelajaran 2015/2016. Tesis: Magister Pendidikan Bahasa Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten, 2016.

Rumusan masalah penelitian yaitu: (1) apakah pembelajaran *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization (TAI)* dapat meningkatkan ketrampilan menulis aksara Jawa siswa kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten semester genap tahun pelajaran 2015/2016?; (2) apakah pembelajaran *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization (TAI)* dapat meningkatkan keaktifan siswa menulis aksara Jawa di kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten semester genap tahun pelajaran 2015/2016?

Jenis penelitian yaitu PTK yang dilaksanakan hingga dua siklus dan setiap siklus dilaksanakan dengan dua kali pertemuan. Objek penelitian adalah guru, siswa dan keadaan pembelajaran menulis aksara Jawa di Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten semester genap tahun pelajaran 2015/2016. Prosedur penelitian mengacu penelitian *tindakan* kelas yang terdiri atas perencanaan, pelaksanaan, evaluasi dan refleksi. Teknik pengumpulan data menggunakan: observasi, wawancara, angket, tes dan dokumentasi. Teknik analisis data menggunakan analisis kualitatif dan statistik deskriptif.

Hasil penelitian adalah: (1) Pembelajaran menulis aksara Jawa dengan TAI dapat meningkatkan ketrampilan siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten, karena sebelum diberikan pembelajaran menulis aksara Jawa (prasiklus) jumlah siswa yang sudah tuntas (KKM) berjumlah 14 siswa (39%). Setelah diberikan pembelajaran pada siklus I dengan TAI jumlah siswa yang tuntas berjumlah 28 siswa (78%) dan siklus II seluruh siswa (100%) sudah tuntas; (2) Pada pembelajaran siswa dibuat berkelompok untuk melakukan diskusi, sehingga pembelajaran dapat meningkatkan aktifitas siswa selama mengikuti pembelajaran, siswa yang pintar dapat membantu siswa yang kurang pintar, siswa dapat bertukar pikiran dengan siswa lain untuk memahami bahan pelajaran. Pada pembelajaran siklus I siswa yang aktif berjumlah 22 siswa (61,11%) dan pada siklus II seluruh siswa aktif selama mengikuti pembelajaran. Kesimpulan penelitian adalah pembelajaran menulis aksara Jawa dengan TAI dapat meningkatkan ketrampilan dan keaktifan siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten.

Kata kunci: Metode TAI, Ketrampilan Menulis Aksara Jawa.

ABSTRACT

Wahyudi, 14PSC01677. Team Assisted Individualization (TAI) to Improve Writing Java Script Skill of Student Class XI Accounting 1 SMKN 1 Klaten Second Semester of Academic Year 2015/2016. Thesis: Magister Program of program University of Widya Dharma Klaten, 2016.

The research problems namely whether: (1) the type cooperative learning Team Assisted Individualization (TAI) can increase the skill of writing Java script class XI student of Accounting 1 SMKN 1 Klaten second semester of the 2015/2016 academic year?; (2) the type cooperative learning Team Assisted Individualization (TAI) can increase the active students of writing Java script in class XI student of Accounting 1 SMKN 1 Klaten second semester of the 2015/2016 academic year?

This type of research is CAR implemented until two cycles and each cycle conducted two meetings. The object of research teacher, students and condition of class XI Accounting 1 SMKN 1 Klaten second semester of the 2015/2016 academic year. The procedure refers to the study of classroom action research there are planning, implementtion, evaluation and reflection. Data collection technique used: observation, interviews, questionnaires, tests and documentation. Data were analyzed using qualitative analysis and descriptive statistics.

The study result that: (1) Learning to write Javanese script with TAI can improve students' writing skills in class XI Accounting 1 SMK 1 Klaten, as before given the teaching of writing Javanese (pre cycle) the number of students who have completed amounted to 14 students (39%). After being given a lesson in the first cycle by TAI number of students who completed totaling 28 students (78%) and the second cycle of all students (100%) has been completed; (2) On learning of students created a group for discussion, so that the learning can increase students' activity during the lesson, students are smart to help students who are less smart, students can exchange ideas with other students to understand the lesson material. In the first cycle of learning active students totaling 22 students (61.11%) and the second cycle students are active during the entire study. The study concluded that learning to write Javanese script with TAI can improve students' skills and active in class XI Accounting 1 SMK 1 Klaten

Keywords: Methods TAI, Java Script Writing Skills.

BAB I

PURWAKA

A. Lelarahing Prakawis

Piwucalan punika nggadahi peran ingkang penting tumrap kemajenganipun bangsa. Miturut pamanggih Suyanto lan Hisyam (2000: 23), “Piwucalan dados *institusi* penting kagem proses nyiapaken lan ningkataken mutu *sumber daya manusia* Indonesia”. Piwucalan saget paring bekal kagem mlebet tataran piwucalan saklajengipun utawi kagem pados pakaryan ingkang gumathok. Kanthi piwucalan, tiyang saget ningkataken pangertosan, kaprigelan lan *kreativitas* dhumateng ngrembakaning kawruh lan teknologi, pramila saget ngluwari saking kirangipun pangertosan, tinilar jaman lan kemlaratan amargi kawruh lan kaprigelan saget kangge mrantasi reribet ing panggesangan. Piwucalan saget nyurung dhumateng kadewasan diri, pikir, raos, moral, iman lan taqwa manungsa.

Mutu piwucalan ing Indonesia tasih tebih saking ingkang dipunkajengaken. Satunggaling *faktor* ingkang jalari inggih punika proses piwucalan ingkang dereng mutu (Suparno, 2008: 2). Kangge ningkataken mutu piwucalan saget dipuntindakaken kanthi ngagem *strategi* piwucalan ingkang trep. Miturut pamanggih Wena (2008: 2), “Tanpa *strategi* piwucalan ingkang cetha, proses piwucalan mboten saget lumampah kanthi sae, pramila ancasing piwulangan ingkang sampun katetapaken mboten saget ginayuh

kanthi *optimal*, utawi piwucalan dereng saget lumampah kanthi efektif lan efisien”.

Guru dados *komponen* ingkang langkung penting inggih punika dados *aktor* piwucalan, nggadahi jejibahan kangge nindakaken proses piwucalan (Wena, 2009:2). Kanthi punika, guru nggadahi peran penting saklebetipun proses piwucalan. Lampahing piwucalan ingkang underanipun dhumateng guru ndadosaken siswa langkung kathah namung mirengaken andaran guru lan nyerat materi ingkang dipunserat ing *papan tulis*, pramila siswa kirang aktif ing proses piwucalan. Awit saking punika, guru kedah saget ngagem model utawi metodhe piwucalan ingkang trep kangge paring piwucalan, awit ngagem model utawi metodhe piwucalan ingkang trep saget ningkataken kasilipun sinau siswa kanthi *optimal*.

Kasilipun sinau inggih punika wontenipun *ewah - ewahan tindak tanduk* arupi saking kasilipun sinau. Kasilipun sinau dipunjajari saking pinten-pinten *faktor*, inggih punika *faktor internal* lan *faktor eksternal*. *Faktor internal* awujud *kecerdasan, minat, bakat, sikap, lan kebiasaan sinau*. *Faktor eksternal* awujud metodhe piwucalan, *variasi gaya* piwucalan, sarana piwucalan, lingkungan sosial ing sekolah lan lingkungan keluarga. Djaali (2011: 10) ngandaraken bilih “kaprigelan sinau siswa sanget nemtokaken kasilipun ing proses sinau. Wonten ing proses sinau kasebat kathah faktor ingkang ndadosaken antawisipun: *motivasi, sikap, minat, kebiasaan* sinau lan *konsep diri*”. Kanthi punika, guru kedah naliti pentingipun *faktor-faktor* ingkang ndadosaken kasilipun sinau siswa kangge mbiyantu siswa kangge

nggayuh kasilipun sinau ingkang *optimal*. Objek pambijining kasilipun sinau dumadi saking tigang *ranah*, inggih punika *ranah kognitif*, *afektif* lan *psikomotoris*. “Wonten ing antawisipun tigang *ranah* punika, *ranah kognitif* ingkang langkung kathah dipunbiji saking guru wonten sekolah amargi gegayutan kaliyan keprigelaning siswa nguwaosi isi bahan piwucalan” (Sudjana, 2011: 23).

SMK Negeri 1 Klaten nggadahi kalih kompetensi program, inggih punika Program Bisnis Manajemen lan Program Teknologi Informasi. Program Bisnis Manajemen kapantha dados Program Keahlian Akuntansi (AK), Program Keahlian Administrasi Perkantoran (AP) lan Program Keahlian Pemasaran (PM). Program Teknologi Informasi kapantha dados Program Keahlian Teknologi Komputer lan Jaringan (TKJ), Program Keahlian Multimedia (MM), lan Program Keahlian Teknik Produksi lan Penyiaran Program Pertelevisian (TPPPP). Wonten ing Program Keahlian Akuntansi kapantha dumadi 4 kelas inggih punika, AK1, AK2, AK3 lan AK4.

Adhedhasar prapanaliten ingkang dipunlampahi paneliti ingkang ugi guru wonten ing SMK Negeri 1 Klaten. Wonten ing taun piwucalan 2015/2016, kasilipun sinau siswa Kelas XI Akuntansi 1 nyerat aksara Jawi tasih kirang optimal, amargi saking cacah 36 siswa wonten 23 siswa ingkang tasih pikantuk nilai ulangan kirang saking KKM. Kasilipun sinau siswa kirang *optimal*, saget amargi guru tasih asring ngagem metodhe *ceramah wonten* ing proses piwucalan lan dereng ngagem model utawi metodhe piwucalan ingkang saget nyurung siswa aktif ing proses piwucalan. Metodhe *ceramah*

limrahipun dados satunggaling metodhe ingkang kathah dipunagem saperangan ageng guru. Wonten metodhe ceramah punika, proses piwucalan tasih dipunkuwaosi dening guru, pramila ndadosaken siswa pasif lan kirang wonten *interaksi* antawisipun siswa.

Kasunyatan bilih saben siswa gadhah bekal pangertosan lan kaprigelan ingkang benten-benten. Kasilipun sinau ingkang saget dipungayuh siswa ugi benten-benten. Kanthi punika, perilaku siswa ingkang pasif lan kirang paring kalonggaran dhumateng siswa kangge makarya sesarengan ing saklebetipun proses piwucalan, babagan punika saget ugi andhadosaken asilipun sinau nyerat aksara Jawi siswa kirang *maksimal*. Awit saking punika, guru kedah saget paring bahan piwucalan kanthi langkung ngremenaken lan *inovatif* lumantar ngagem model utawi metodhe piwucalan ingkang saget ningkataken *keaktifan* lan *interaksi* siswa.

Satunggaling *alternative* model utawi metodhe piwucalan ingkang saget dipunagem guru kangge nyurung keaktifan lan interaksi siswa inggih punika piwucalan model *kooperatif*. Piwucalan kooperatif salah satunggaling model piwucalan ingkang ngagem paugeran-paugeran ingkang baken. *Prinsip dasar* piwucalan *kooperatif inggih punika* siswa damel kelompok-kelompok alit lan saling interaksi kangge nggayuh ancasing piwucalan kanthi sareng (Wena, 2009: 189). Lumantar piwucalan *kooperatif*, siswa makarya sesarengan ing kelompok kangge ngudari karuwetaning sinau, satemah mboten wonten raos pinunjul antawisipun siswa ing kelompok, amargi siswa makarya sesarengan kangge nyekapi tugas piwucalan lumantar tukar-pikiran

kalian siswa sanesipun. Piwucalan *kooperatif* saget gladi siswa supados purun mirengaken pamanggih tiyang sanes. Wonten ing ruang kelas siswa saget dipunparingi wekdal kangge makarya ing kelompok-kelompok alit, kangge ngudari rekaosipun piwucalan kanthi sesarengan.

Piwucalan *kooperatif* wujudipun wonten pinten-pinten *tipe*, namung ingkang dipunagem ing panaliten punika inggih punika tipe *Team Assisted Individualization* (TAI). TAI dipunrancang kangge nggayuh *manfaat* ingkang ageng sanget saking *potensi sosialisasi* ingkang wonten piwucalan *kooperatif* (Slavin, 2009: 190). Wonten piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI), siswa kapantha ing kelompok lan saben kelompok dumadi saking siswa ingkang kagungan kaprigelan langkung lan siswa ingkang kirang prigel. Kangge njamin *heterogenitas* anggota kelompok, pramila guru kedah saget damel kelompok-kelompok kasebat kanthi sae, amargi menawi siswa manasuka damel kelompok piyambak, siswa *tamtu* badhe milih rencang-rencangipun ingkang dipunremeni. Kathah sekedhihipun gunggung kelompok saget njalari produktivitas kelompok. Gunggungipun kelompok ingkang selaras wonten tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) inggih punika 4 dumugi 5 orang.

Piwucalan *kooperatif* tipe TAI (*Team Assisted Individualization*) inggih punika model utawi metodhe piwucalan kanthi kelompok satunggaling siswa ingkang langkung pinter dados *asisten* ingkang gadah jejibahan mbiyantu kanthi *individual* siswa sanes ingkang kirang pinter wonteng ing kelompok. Pramila guru namung dados *fasilitator* wonten ing proses

piwucalan. Guru cekap damel swasana lingkungan piwucalan amrih *kondusif*. Piwucalan tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) badhe paring *motivasi* siswa supados tansah mbiyantu anggota kelompokipun, satemah dados panjurunging proses piwucalan.

Wonten piwucalan *klasikal* sedaya siswa dipunanggep sami ing sadayanipun kadosta kaprigelan, *model* sinau, cepeting nampi pangertosan, motivasi sinau lan sapanunggalanipun, *fakta* nyatanipun bilih *karakteristik* siswa satunggal lan satunggalipun punika benten (Wena, 2009: 224). *Karakteristik* ingkang benten kangge mangertosi bahan piwucalan dadosaken wontenipun jarak cepetipun mangertosi bahan piwucalan, satemah saperangan ageng siswa saget sinau kanthi cepet lan sanesipun kirang cepet. Kanthi punika, bentenipun *karakteristik* siswa kedah dipungatosaken ing proses piwucalan.

Lumantar piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI), dipunancas saget ningkataken kasilipun sinau siswa. Adhedhasar perkawis ing nginggil, pramila panaliten punika mendet irah-irahan “*Team Assisted Individualization* (TAI) Kangge Ningkataken Ketrampilan Nyerat Aksara Jawi Siswa Kelas XI Akuntansi 1SMK N 1 Klaten Semester Ganep Taun Piwucalan 2015/2016”.

B. Idhentitasing Prakawis

Sakingkasilipun prapanaliten, idhentitasing prakawis saget kaserat kadosdene ing ngandap punika.

1. Kasilipun sinau nyerat aksara Jawi saperangan ageng siswa kelas XI Akuntansi 1 SMK Negeri 1 Klaten dereng mlebet *Kriteria Ketuntasan Minimal* (KKM).
2. Guru tasih asring ngagem metodhe ceramah lan nguwaosi wekdal saklebetipun piwucalan, lan guru kirang ngagem model utawi metodhe piwucalan kanthi kelompok.
3. Siswa tasih kirang aktif saklaminipun proses piwucalan, babagan punika kabukten saking aktifitas siswa ingkang namung mirengaken guru wonten ing piwucalan.
4. Kirangipun *interaksi* lan makarya sesarengan siswa ing piwucalan, amargi siswa mboten dipunparingi wekdal kangge wawanrembag.
5. Model utawi metodhe kooperatif tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) dereng nate dipunagem guru wonten ing piwucalan nyerat aksara Jawi.

C. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar lelarahing prakawislan idhentitasing prakawis ingkang sampun dipunjereng ing ngajeng, rumusaning prakawis panaliten inggih punika:

1. Punapa piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) sakestu saget ningkataken ketrampilan nyerat aksara Jawi siswa kelas XI Akuntansi 1SMK N 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016?

2. Punapa piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) sakestu saget ningkataken keaktifan siswa nyerat aksara Jawi ing kelas XI Akuntansi 1SMK N 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016?

D. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten punika kangge mangertosi lan ngonceki bilih:

1. Piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) sakestu saget ningkataken ketrampilan nyerat aksara Jawi siswa kelas XI Akuntansi 1 SMK N 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016.
2. Piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) sakestu saget ningkataken keaktifan siswa salebetipun nyerat aksara Jawi ing kelas XI Akuntansi 1 SMK N 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016.

E. Mumpangating Panaliten

1. Mumpangating teoritis

- a. Paring sumbangsih teori kangge ningkataken konsep lan pangejawantahan piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI).
- b. Kangge bahan *rujukan* lan sumber panaliten saklajengipun ingkang badhe naliti piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI) kangge ningkataken prestasi siswa.

2. Mumpangating *praktis*

a. Kagem guru

Ningkataken pangertosan guru, mliginipun guru basa Jawi kangge ningkataken piwucalan nyerat aksara Jawi.

b. Kangge siswa

Ningkataken ketrampilan nyerat aksara Jawi siswa kelas XI Akuntansi 1 SMK Negeri 1 Klaten semester ganep taun piwucalan 2015/2016.

c. Kangge paneliti

Ningkataken pangertosan lan nambah pengalaman babagan model utawi metodhe piwucalan, mliginipun piwucalan *kooperatif* tipe *Team Assisted Individualization* (TAI).

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedasar andaran wonten ing bab ing ngajeng, saget kapendet dudutan inggih menika:

1. Piwucalan nyerat aksara Jawi kanthi TAI saget ningkataken ketrampilan siswa Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten, amargi sakderengipun dipunparingi piwucalan nyerat aksara Jawi (prasiklus) cacahipun siswa ingkang saget tuntas sinaunipun (KKM) cacah 14 siswa (39%). Saksampunipun dipunparingi piwucalan ing siklus I kanthi TAI cacahipun siswa ingkang tuntas cacah 28 siswa (78%) lan siklus II sedaya siswa (100%) sampun tuntas.
2. Piwucalan nyerat aksara Jawi kanthi TAI kangge Kelas XI Akuntansi 1 SMKN 1 Klaten katindakaken ngantos kalih siklus, saben siklus katindakaken betah kalih piwucalan. Wonten piwucalan siswa dipundamel kelompok-kelompok diskusi, satemah piwucalan saget ningkataken aktifitas siswa saklebetipun ndherek piwucalan, amargi siswa ingkang prigel saget mbiyantu siswa ingkang kirang prigel, siswa saget wawanrembag kaliyan siswa sanes kangge mangertosi bahan piculanan. Ing piwucalan siklus I siswa ingkang aktif cacah 22 siswa (61,11%0 lan ing siklus II sedaya siswa aktif ing piwucalan.

B. Implikasi

1. Metodhe TAI saget dipunagem ing piwucalan basa Jawi utawi piwucalan sanes, ingkang baken bahan piwucalan saget narik saha ndorong antawisipun siswa saget gotong royong sesarengan kangge mangertosi bahan piwucalan, amargi:
 - a. Metodhe TAI asipat *student centered* lan mboten asipat *teacher centered*, pramila guru mboten nguwaosi wekdal lan pangandikan ing saklebetipun piwucalan.
 - b. Metodhe TAI paring kalonggaran dhumateng siswa kangge sinau kanthi kelompok. Ing piwucalan siswa kapontho dados kelompok-kelompok, lan saben kelompok dumados saking siswa ingkang asipat *heterogen*.
 - c. Metodhe TAI paring kalonggaran dhumateng siswa supados aktif ing saklebetipun piwucalan. Ing piwucalan siswa kedah purun njalin komunikasi lan interaksi dhumateng siswa sanesipun kangge mangertosi bahan piwucalan.
 - d. Metodhe TAI paring kalonggaran dhumateng siswa ingkang prigel saget mbiyantu siswa ingkang kirang prigel. Pramila ing saklebetipun piwucalan dumados *transfer* pengertosan lan ketrampilan saking siswa ingkang prigel dhumateng siswa ingkang kirang prigel.
2. Saben kelompok siswa saget *efektif* menawi guru anggenipunmontho siswa kanthi adedhasar *faktor heterogenitas karakteristik* siswa, pramila diskusi kelompok saget lumampah kanthi sae amargi ketrampilan kelompok saget

imbang. Awit saking menika, guru anggenipunmontho kelompok siswa kedah adedhasar:

- a. *Jenis kelamin* siswa, inggih menika saben kelompok siswa dipunupadi supados wonten siswa jaler lan pawestri.
 - b. Ketrampilan siswa, inggih menika saben kelompok siswa kedah dipunupadi supados wonten siswa ingkang prigel lan siswa ingkang kirang prigel.
 - c. *Domisili* siswa, inggih menika saben kelompok siswa kedah dipunupadi supados wonten siswa saking kutha lan ndesa.
 - d. *Status sosial ekonomi* siswa, inggih menika saben kelompok siswa kedah dipunupadi supados wonten siswa ingkang saking keluarga sugih lan miskin.
3. Keaktifan siswa ing saklebetipun piwucalan penting sanget, amargi saget ndorong semangat lan mandirengipun siswa ing piwucalan, pramila proses piwucalan katumpu ing siswa lan sumber pasinaon mboten namung saking guru. Pramila kangge ndorong keaktifan siswa saget katindakaken kadosdene:
- a. Supados saben siswa ing kelompok diskusi kagungan wekdal ingkang sami kangge pangandikan, pramila wekdal pangandikan saben siswa dipunwatesi kadosdene: saben siswa dipunparingi wekdal 2 menit, lan saksampunipun siswa ingkang lenggah ing samping tengen utawi kiring kanthi urut dipunparingi wekdal kangge pangandikan, satemah

saben siswa pikanthuk wekdal kangge wawanrembag lan aktif ing diskusi saking wiwitan dumugi pungkasaning piwucalan.

- b. Kangge ngatur wektu wawanrembag siswa ing diskusi kelompok, pramila saben kelompok dipuntunjuk ketua kangge mimpin wawanrembang lan ngatur wekdal wawanrembag anggota kelompok.

C. Saran

1. Kagem guru:

- a. Bahan ingkang dipunagem kangge piwucalan dipunpadosaken ingkang jumbuh kaliyan kurikulum.
- b. Kasilipun panaliten saget dipunagem guru utawi paneliti sanes kangge tindakaken panaliten wonten ing kelas sanes, supadas saget mendet dudutan ingkang langkung sae kangge ningkataken implikasi TAI wonten ing piwucalan.
- c. Kelompok siswa ing dipundamel wonten ing saben siklus supados mboten sami lan tansah gangem pertimbangan kapinteran siswa lan *gender*, supados siswa saget nindakaken interaksi ingkang langkung kathah dhumateng siswa sanesipun.

2. Kangge siswa:

- a. Siswa kedah aktif ing sadangunipun piwucalan, awit saking wiwitan dumugi pungkasaning piwucalan, aktif wawanrembag kaliyan siswa sanesipun ing kelompok.
- b. Siswa kedah saget ngajeni pemangguh siswa sanesipun.

- c. Siswa kedah paring wekdal dhumateng siswa sanesipun kangge wawanrembag.

KAPUSTAKAN

- Abin Syamsuddin Makmun dan Udin Syarifudin Sa'ud. 2006. *Perencanaan Pendidikan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Ahmad Rivai dan Nana Sudjana. 2007. *Teknologi Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo
- Akhadiyah Sabarti. 1997. *Menulis I*. Jakarta: Depdikbud
- Anita Lie. 2008. *Cooperative Learning: Mempraktikkan Cooperative Learning di Ruang-ruang Kelas*. Jakarta: Gramedia Widiasarana Indonesia.
- Amin Suyitno. 2010. *Pemilihan Model-model Pembelajaran dan Penerapannya di Sekolah*. Jakarta: Depag.
- Anton Kusumo. 2011. *Penerapan Metode Kooperatif Model TAI (Team Assisted Individualization) untuk Meningkatkan Proses dan Hasil Pembelajaran Geografi SMA. Skripsi tidak diterbitkan*, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Arif Ismail dan Isjoni. 2008. *Model-model Pembelajaran Mutakhir*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Asep Jihad dan Abdul Haris. 2009. *Evaluasi Pembelajaran*. Yogyakarta: Multi Pressindo.
- Dalyono, M. 2005. *Belajar dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Daryanto. 2008. *Evaluasi Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djaali. 2011. *Psikologi Pendidikan*. Jakarta. PT Bumi Aksara.
- Henry Guntur Tarigan. 1986. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*, Bandung: Angkasa
- Made Wena. 2009. *Strategi Pembelajaran Inovatif Kontemporer*. Jakarta Timur: PT. Bumi Aksara.
- Moleong, Lexy J. 1996. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosda Karya.
- Muhibbin Syah. 2011. *Psikologi Belajar*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Mulyasa, E. 2006. *Kurikulum Yang Disempurnakan*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.

- Nana Sudjana. 2011. *Penilaian Hasil Proses Belajar Mengajar*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nasution. 2008. *Berbagai Pendekatan Dalam Proses Belajar Mengajar*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Ngalim Purwanto. 2010. *Psikologi Pendidikan*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Oemar Hamalik. 2001. *Proses Belajar Mengajar*. Jakarta : Bumi Aksara.
- Padmosoekotjo, S. 1989. *Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa*. Surabaya: PT. Citra Jaya Murti.
- Paul Suparno. 2008. *Riset Tindakan Untuk Pendidik*. Jakarta : PT. Grasindo.
- Robert Slavin, E. 2009. *Cooperative Learning*. Bandung: Nusa Media.
- Sardiman, A.M. 2006. *Interaksi Dan Motivasi Belajar Mengajar*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Siti Amirah Budiastuti. 2012. *Eksperimentasi Model Pembelajaran Kooperatif Think Pair Share dan Team Assisted Individualization Pada Materi Trigonometri Ditinjau dari Minat Belajar Matematika Siswa di Kabupaten Ponorogo Tahun Pembelajaran 2011/2012*. Tesis, tidak diterbitkan, Universitas Sebelas Maret Surakarta.
- Slameto. 2010. *Belajar dan Faktor-Faktor yang Mempengaruhinya*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Sugihartono dkk. 2007. *Psikologi Pendidikan*. Yogyakarta : UNY Press
- Suharsimi Arikunto. 2006. *Prosedur Penelitian, Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Suharsimi Arikunto, Suhardjono dan Supardi. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta : Bumi Aksara.
- Sutopo, H.B. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif : Dasar Teori dan Terapannya Dalam Penelitian*. Surakarta: Sebelas Maret University Press.
- Suyanto dan Djihad Hisyam. 2000. *Pendidikan Di Indonesia Memasuki Millenium III*. Yogyakarta: Adicita Karya Nusa.

Sarwiji Suwandi, dan Ekosusilo. 2008. *Penelitian Tindakan Kelas (PTK) dan Penulisan Karya Ilmiah*. Modul Pendidikan dan Pelatihan Profesi Guru (PLPG). Surakarta: Panitia Sertifikasi Guru Rayon 13.

Syaiful Sagala. 2010. *Supervisi Pembelajaran*. Bandung : Alfabeta.

Wina Sanjaya. 2008. *Strategi Pembelajaran Berorientasi Standar Proses Pendidikan*, Jakarta: Kencana.

_____. 2011. *Penelitian Tindakan Kelas*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.